

ХАСИЕВ Ахьмад

**Бешин чаккхе йоцу хаттарш.**



– Беши, вало, вайн гомаш МIалов цIа йогIий а хьожуш, эвлайисте волу вайшиъ, – элира, шена дукхавезаш волчу кIентан кIанте дедас. Ченала керчийна чайтаI санна, сарралц ловзуш лелла, модех вуьзна волу кIант, хазахеташ, цIалга а лелхаш, юххе хIоьттира.

– Воккха-Дада, ахь со вайн МIаловна тIе хоуьйтур вуй?

– Дера ву, барзах схьадаьлла кIеза ду сан кIант – аьлла, хастийра Беши воккхачу стага,

– стенна а тIехаа а ваьхьаш, майра кIант хила везаш ма ву хьох.

Беши, дукхавезаш, юххе ийзавора дедас. Амма цуьнан чаккхе йоцчу хаттарша кIадвора иза. Гуттар дала жоп ца хуьлура я хилча а, и кхетош, ша муха ала деза а ца хууш, вуьсура.

Малхбуза-хан яра. Кхаш тIера цIа оьхуш нах гора. ДIаховжа тIаьхьайисина къийгаш хезара стиглахь екаш. БIаьстенан юьххьехь хьаьжна малх, дийнахь къегий, дог хьастахь а, латта башха дохда ца кхуьура. Iаьнан дIаялаза йолу шело хаалора.

Лаьмнийн регIа тIехьа дIалечкъаш санна, меллаша гучураболучу малхе а хьаьжна, Бешис хаьттира:

– Воккха-Дада, и дIо малх, регIал тIехьа баьлча, стенга боьду?

– Малх ма бац и гучураболург, вайн дуьне ду малхана гонаха хьийзаш, шарахь цхьа го а боккхуш. Цундела вайна малх къайлаболуш санна хета.

– Малх дIабуьзча, буьйса муха йогIу тIаккха?

– Дера йогIу, аш шаьш ловзучу хенахь мийра тоьхна, хьийзаш йоьду  буьрка санна, ша-шена гонаха а хьийзаш дуьнено малхана готуьйсу дела. Иштта, цо малхана букъ тоьхча хIуттуш долу IиндагI, вайна йогIуш йолу буьйса ю-кх. Вайн дуьнено ткъе деа сохьтехь ша-шена гонаха боккхуш бу цхьа го.

– И малх дуьненна генахь буй, Воккха Дада?

– ЭхI, хIинца хьо кхетош, и муха ала-те ас? – ойла йора дедас.

– Iилманчаша дийцарехь, юккъерачу барамехь цхьа бIе а ахбIе миллион чаккхарма генахь бу. И мел ду хаьий хьуна, сан жима «ишколан дешархо»? – элира, вела а луш, дедас. Юха, лаьттах гIаж хьокххуш, яздо: хIокхунна (I50) тIехьа ялх ноль йиллича, хуьлу-кх иза. Кхетий хьо?

– Ца кхета.

– Кхетар ву, ишколехь ахь дика дешахь. Сарралц ловзуш ца лелаш, цIахь Iамо елла урокаш а Iамош, хьехархочо аьлларг деш хилахь. «Дешар – серло, цадешар – бода» – олуш хезний хьуна?

– Хезна. Тхан ишколан пена тIехь даккхий элпашца яздина ду-кха иза.

– ХIай-хIай, бакъ боху, сан кIант-м, хьаха, ву кхеташ!

Иштта, хIара шиъ эвлайисте ваьлча, бежа дуьхьал баьхкина кхин а нах бара: гIаш, вилспеташца а, кIеззиг белахь а, машенца веанарг вара. Говрахь, юххе а хIоьттина вогIура бежIу, могIабинна богIура бажа, чан а гIаттийна.  Бежах къаьхкина гучуйовлу сагалматаш лоьцуш, гонаха хьийзаш алкханчаш а яра.

Юьрта кхаьчначу бежнийн  Iехар мелла а совделира, шай-шайн эсий тIекхойкхуш, болар а чехко делира. Воккхачу стеган хьайбанаш гучудовлуш дацара. Цо тIаккха: «МIалов, МIалов, МIоъ», – олуш, кхайкхира гомаше. Воккхачу стага а, цуьнан МIаловс а, хьалха гинчо маршалла хоттуш санна, олуш дара и «МIоъ». Цхьана коьллашна тIехьара ден аз хезча, лаккха корта хьала а айбина, «МIоъ», «мIо-о-оъ» аьлла, тIееана, воккхачу стагах хьекхалора гомаш.

– Хьо мичхьахула лелаш ю? Дада ца гуш Iа хьо? – бохуш, гIаж а хьоькхуш, хьоьстура МIалов воккхачу стага.

– «МIоъ, мIо-о-оъ» – бохуш, корта раз а бохуш, лаг дахдой, ша хьоьстуьйтура гомашо. ТIаккха, кхунна тIе а гуллой, шен-шена гIаж хьаккхийта лууш, юххе гIертара дуьхьарг, бугIа-кIорни а.

– Схьайола, схьайола, хьо а ма ю дадин дуьхьарг! Схьайола хьо а, дадин бугIалг! – хьох а ма ю йоккха бугIа хила езаш.

– ХIахI, хIинца тоьур ду, яло цIа, божли чохь а хьоьстур ю шу! – олий, дада дIаволало. Кхин чехо а ца оьшуш, нана-гомаш хьалха а йолуш, важа хьайбанаш цунна тIаьхьа а хIуьттий, цIехьа буьйлало уьш.

– Воккха Дада, МIаловна  со тIехаавехьа.

– Схьавалол, гIо а деш, тIе а хаавой, охьа ма кхеталахь, хьожуш хилалахь – олий, кара гIаж ло воккхачу стага.

– Воккха Дада, хIара дIаядарна кхоьру со.

– Ма кхера, суна юххера а яьлла йодур яц МIалов. Ядахь ас схьалоцур ву хьо.

– ХIара гомашаш муьлхачу махкара ю, Воккха Дада?

– Дера ю Индера. Инди юьйцу хезний хьуна?

– Дера хезна! «Бродяга», «Зита и Гита» кинош ю-кх индийски, со Хедица а, бабица а хьежна.

Иштта кIанта жоп делча, хазлой, велало воккха стаг.

– Ю дера, ю дера цу Индехь яьхна ю-кх и кинош а.

– Уьш хи чу йийшина хIунда Iа Вокка Дада?

– Шу, бераш, хIунда Iа, малх бохбелча, хи чохь луьйчуш?! Шуна санна, гIушлакхе кхаьчна малх бохбелча, шайн догIмаш шелда лаьа-кх царна а. Хи чохь са а дукълой, царна тIелетта веччалгаш охьаоьгу, тIехьахаеллачу нитIало дегI малхехь шийла а латтадо.

– Цундела хуьлу уьш, хоттах а юзий, ежаш?

– Хуьлу дера!

– Воккха Дада, суна гомашан шура вайн аьттан шурел а дукха ма еза.

– Бехк а бац езарх, гомашан шура аьттан шурел шозза хьена хуьлу, цундела тIо алсам болу цунах. Iай аьтто ца юуш йисина хьаьрдаш юу гомашо, эрз а дуккхабеза цунна.

– Вайн бежнаша царачул  шело дика хIунда лов?

– Дера лов, бежнаш дукха ширачу заманахь дуьйна вайн Кавказехь а, Европехь а даьхна дела. Акха сту, тIаьххьарниг, вуьрхIитталгIачу бIешарахь Европехь бийна, боху,

адамаша. Говраш а яра, ма боху, ши-кхо бIешо хьалха пана аренашца ежаш гуш. Вайн махкахь-м дукха хIуманаш хиллий хьалха заманахь: сеш, цIоькъалоьмаш, буланаш, гIургIезаш, гIарагIулеш а. Уьш хIинца наггахь бен ца хаало. Адамаша, ца кхеташ, церан цкъа а хIу довр дац моьттуш, царах цхьаерш хIаллакйина-кх. ХIинца шун чкъуоро ларйийр яцар-те уьш. Цкъа хьалха, халла дийна йисинарш яйар сацо дезар-кх. Нохчийчоь-м цхьаъ бен яц, цуьнан доладан цхьа-м вогIур вац, вай ца дахь. Хьо жима ву, хьо хIинца а кхета ма-везза кхетар вац цунах.

– Со-м кхета хьуна, Воккха Дада. Ас сайн доттагIчуьнга ширдолаг ца лелаяйтира, олхазарш, пхьидаш яйича, къа хуьлу аьлла. Ахь иштта ца элира соьга, Воккха Дада?

КIанта иштта жоп делча, цецваьлла, цуьнга а хьаьжна:

– Элира, хьанора! Хьо-м кхеташ хилла, дадин берзан кIеза ду и – аьлла, хьаьстира кIант.

– Воккха-Дада, барзах схьаяьлла хIума юй, тIаккха?

– Вай, ю дера! ДIо вайн бежаIуьнан Барза ду-кх барзах схьадаьлла. Ахь хьайца дIадижош кхобуш долу «Пипи» а ду хьуна вайн эрзашца а, хьаннашца а дехачу акха цицигах схьадаьлла.

Иштта, Бешин хаттарш чекх ца довлуш, хабаре ваьлла хIара шиъ даьхница сихха цIа кхечира. Кхарна дуьхьал кIетIа яьлла баба а яра. ЦIенна юххе кхочуш, шен кIорни Iоьхуш хезча, мIо-о-оъ аьлла, цунна тIекхача дIаеддачу МIаловна тIехиъна волу Беши, ши ког ирх а болуш, охьавужуш, воккхачу стага, катоьхна, халла схьалецира, ша а халла ирахь а вуьсуш.

Кхераеллачу бабин, ши бIаьрг а къаьрзина, гIовгIа яьллера:

– Вай, устазаш…, вай, елла яла со дела-I… бохуш, тIе ма-кхоччура, шен карара сара

кIентан настарх туьйхира бабас,

– ас вуьйр ма ву хьо, со тIекхачийта ахь хьайна! – аьлла. Гомашна тIехаа хIума ю хьо, кхорбIеллигал бен воцу!

– Баба, Баба-а, гомаш хохкуш мел хаза дара хаьий хьуна? – бохуш, дIауьдура кIант.

– Хьажахьа! – къарвалар и ду-кх, – бохуш, гIаж лестайора Бабас.

Воккха Дада воьлура:

– Iадвитахьа, Iадвитахьа кIант, цхьацца хIума а лелош, стаг хила везаш ма ву цунах!

– Къанвелла, иэсах телхина хьо а, хьекъал доцу и кIант а – цхьатерра ву шуьшиъ, – бохуш, гIаддайна, елаелира Баба.

– ДIа керта вала! Седа ю сахьийзаш, хьо стенга вахана бохуш цIийзаш, амал а дайина, Iаш, – элира бабас.

– Ю тов? Дадин йоI цIа еана? Схьагайтал, схьагайтал! – йоккха хиллий Седа?

– Воккха Дада, – олуш, тIейоду Седа.

– Ядалахь! Ядалахь! Э-э, дукха яха хьо. Дадин йоI яц иза?! – олий, мара а юллий, хьала а ойбий, – оццул йоккха хилла хьо? – бохуш, хьоьстура ненан дас

– Воккха Дада, Воккха Дада, суна эшар лакха а ма хаьа.

– Ва-а, и хIун ду ахь дуьйцург? ДIалакхал цкъа хьайн керла эшар!

Ша дечух йоккха а еш, ненан дега а хьоьжуш, дIалокху Седас шен йиш:

Стиглахь седарчий ду,

Царна юкъахь цхьа седа бу.

Иза бу массарал хаза,

Цуьнан цIе ю «Седа».

– ХIай-хIайт! Гора тоделла гIуллакхаш яI-кх! И-м, Седа, айхьа-хьайна локхуш йиш ма ю, – бохуш, буьйлура воккха стаг, баба а.

Буьйсанна Бешин луларчу накъосташа Бауддис, Мусас олу:

– Вай, лаьхьанах тарьеш, чилланан пазат чу ча а доьллина, такхо еза. Мел чIогIа кхерало хаьий шуна цунах нах! – элира Мусас. Беши хьо вогIий?

– Дера вогIу!

СаламугӀар болчу агӀор, некъал дехьа, «лаьхьа» а биллина, сехьа, Дадера тӀехьа, кевна кӀелхула, тӀийриг яьккхина, дӀатийра бераш.

– ГӀовгӀа ма елаш, цхьаъ вогӀуш ву шуна.

– Мила ву?

– Ца хьаьа, цхьа стаг ву.

– Муса, озае, озае меллаша, тӀекхочуш ву хьуна!

Шена хьалха «лаьхьа» нисбелча, кхоссалой, цхьа-ши метр тӀехула оьккху вогӀург. Бераша хала сатуху, дела ца луш. Дехьо а дӀаводий, шина а куьйгахь кибарчигаш а йолуш юхавогӀу, шеца кхин цхьаъ а волуш. Цуьнан озах берашна вевзира «Бокс» секци лелош волу Вадуд.

– ХӀокху меттехь бар-кх иза, мел боккха бара хаьий хьуна?! – бохуш, дуьйцура Вадуда. Мел боца а ши метр бара иза. (Пазат-м ма яцара метр а).

Юххерачо, ша а ларлуш, бохура:

– Хьожуш хилалахь, катухий а ца хаьа хьуна цо.

– Катохале-м, ас хӀара кибарчиг тоьхна, тӀекӀелъоьккхуьйтур бара иза.

– ДӀо бу хьуна!!! – ТӀетоха!!!

Вадуда кибарчигаш тӀетухий, боь «текхарг». Дикка хьаьвсича, шаьш бийна «текхарг» пазат юй хаьа царна…

Тебна Ӏаш волу Муса, «хи-хиъ» олий, велало. ТӀаккха тебна Ӏаш долу бераш, хала садетташ долу, дийлало. Вадуд хиллачух дикка кхетта валале, лула керташкахула довдий, къайладовлу уьш.

– Цкъа сабар де аш, «шпана», ас хоуьйтур ду шуна, со тӀекхачахь! – бохуш, тӀаьхьа буй лестабора Вадуда.

И дӀавахча, бераш гӀаддахана дуьйлура:

– Баудди, гирий хьуна и дӀакхоссалуш? – гай а лаьцна, вуьйлура Муса.

– Дера гира! Ши кибарчиг ма сиха а карийра цунна! – бохуш, лаьттах керчаш, воьлура Баудди. И тхан да волчу сакъера а вогӀуш, вайн гергара ма ву, цӀахь хаахь, могуьйтур дац суна, цхьангге а ма дийцалаш.

– Довла, сиха лела, цхьа-ши зуда ю йогӀуш! – элира, сихонца хьалаиккхинчу Мусас. Беши, пазат охьайилла шен метте.

– Уьш тӀекхочуш ма лаьтта, кхуьур дуй-те?!

– Кхуьур ду, чехкка охьайилла!

Некъал дехьа пазат охьа а кхоьссина, бераш IапашагIеран гIопана кIелдIахула тIийриг схьаозийна бовлушшехь, ши зуда тIекхечира.

– Муса! Озае, озае чехка! – аьлла, схьаозийна «лаьхьа» шина зудчунна когех а хьаккхалуш, нийсса кIела нисъелира. Цхьаъ, йоккханиг, «пах» аьлла дог а малделла, охьаяхара, важа некъан бохалла дIаедира, мохь а хьоькхуш:

– Вай! Орца дала…, орца дала!!! **ЯйаагIеран** кертара ара а баьлла, IапашагIеран керта баха шуна!!!

Юьхьанца доьлуш Iаш долу бераш, кхераделла, девдда цхьанхьа левчкъина, дIатебира. Амма Iуьйранна, мухха делахь а, гучудевлира. Важа ши зуда – лулара Забаъ а, цуьнан йоI Зараъ а хиллера.

ТIегулбеллачу зударша Зараъ халла меттаялийра:

– Вай, и лаьхьа бацара, хIай! – харцахьа лелаш, бераша дIаозийна пазат яра!  Вай, елла ма яла хьо, ахь хIун до, оццул холчу йолуш?! – бохуш, гонаха хьийзара зударий.

Бешина нанас дов дира, жимма бишка а тухуш, «кхин дийр дац» аьлча а ца вуьтуш.

– И еллехь, хIун дан воллур хьо, Iовдал? – бохуш, Забаина хьалха чIогIа юьхьIаьржахIоьттинера нана.

Воккха Дадас, ша а берашна оьгIазваханехь а, зударшка элира:

– Дукха чуьра ма довла шу а! Божабераш харцахьа хуьлуш хуьлу. Кхетош ала. Ишттаниг кхин ма де ала. Нагахь дахь, могуьйтур доций хаийта. Схьа чу кхайкхал иза!

НеӀаре дӀахӀоьттира кӀант. Шаьш динарг нийса хӀума доций хууш, корта а оллийна Ӏара.

– Дикка ладогӀал, кӀант, соьга, аш динарг къонахчуьнгахь товш хӀума дац.

Буьйсанна таба а тебна, некъа маьрша богӀу зударий кхерабар, нахана дуьйцу хезча а, эхь долуш хӀума ду.

– Къонах хила лаьий хьуна?

– Лаьа, – аьлла, меллаша жоп делира кӀанта.

– Зударшца а, мехкаршца а къуьйсучух, декъазнаш а, шел гӀийланаш а хьийзочух цкъа а къонах хир вац. Къонах, церан гӀо лоцуш, церан доладеш, хила веза. Кхийтин хьо?!

– Кхийти, – олуш, корта ластийра Бешис. Юха цӀаьххьана самаваьлча санна, дедега а хьаьжна:

– Воккха Дада, со берашца нехан бешара стоьмаш лечкъо а ца вахара хьуна!

– ХӀай-хӀай! Мегар дац! Къола дан а мегар дац, и хьарам хӀума ду, цунах ийман-беркат а хир дац. Вай дайшкахь а ца лелла цкъа а, цхьа а къола деш…

БӀаьсте яьллера. Ӏаламан уггаре хаза, самукъане хан ю иза. Массо а хӀума самайолу, гӀа-патарш деллало. Бес-бесара зазадаькххина стоьмийн дитташ, хаза кечдина дӀахӀоттийначу нускалх тарло. Чохь са мел долу хӀума, дуьненах ца Ӏебаш, шен ирсах йоккха юьйш санна, хета. Олхазарш шайн махка юхадоьрзу. Царна бенаш дан а, бешахь

дитташ кхада а, гонаш ахка а, бIаьстенца хьаьжначу бовхачу малхехь дог догIу, дегI а дайло.

Воккхачу стагана, шен МIалов санна, массо а садолу хIума а дукхаезара. Шена а хууш, зингатна а зен дийр дацара цо. Чохь садолуш санна, стоьмийн дитташ а хьоьстура цо, цаьрца къамел а деш.

Херх, жIов лелош, аннаш хедош пхьоладеш волчу дедена тIехIутту кIентан кIант:

– Воккха-Дада, хьо хIун деш ву?

– Дера ву, сан кIант, олхазаршна бенаш деш. Схьавоьл, суна гIо а деш, юххехь сацал.

– Ас дитташна тIе уьш дIакхазош, хьуна гIо дийр ду.

– ХIай-хIай, дадин кIант-м ю хирйолу хIума.

– Воккха Дада, и бенаш царна шайна дан ца хаьа?

– Хаьа, ВаллахIи, дукха хаа-хууш-м, шена меттигаш хилча-м. Вай, адамаша, массо а меттиг аьхна, хьаькхна, дуьне гатдина-кх царна. Ур-атталла, тхевнаш чохь бенаш дан-м ца дуьту, шифаршна кIел тIелхигаш теIош. Бошмийн, хьаннийн а йиш ма яц уьш доцуш, зуламе сагалматаш хIаллак ма йо цара.

– Лаьхьарчий-м ма дац пайденна, царах адамаш кхера ма кхоьру, – элира кIанта корта охьа а таIош.

Воккхачу стага, вела а къежаш:

– Хьан боху иза? Дера ду-кх, и олхазарш санна, пайде-м. Іаламехь эрна кхоьллина хІумма а яц, цхьа зІе санна, вовшахйоьзна ю Дала мел кхоьллина хІума. Цхьацца туьйранаш тІе а кхуллуш, цу лаьхьарчийн хІу дойуш лаьтта-кх кху дуьненна чуьра.

– Воккха Дада, вайн уьйтІара бена чохь Іийна, вайн хаьшталг цІа догІур дуй?

– Дера догІур ду-кх, чІегІардигаш санна, ша бинчу бена чу, новкъахь дала ца лахь-м. Адамашна санна, шайн мохк беза-кх царна а.

– Цундела лоькху цара, бІаьстенан юьххьехь вайн антенна тІе а, дитта буьххье а ховший, эшарш?

Воккха стаг, кІантана коьртах куьг а хьокхуш, велало.

– Дера локху. Цундела а локху, шен нускал лоьхуш, цунна ша цІа кхаьчний а, мичхьа ду а хоуьйтуш, и тІекхойкхуш а, ма лоькху. Гиний хьуна ловзаршкахь кегийраш, хаза кечлой, хелхабуьйлуш, эшарш лоькхуш а?

– Гина.

– Хьуна хаьий хелхавала?

– Хаьа.

– ХIа-хIа, валал дадина цкъа хелха! Шен карара хьостам, жIов охьа а юьллуш, куьйгаш тоха волало деда. Дак-дак-дакка-дарга, хIорс-тоъ, хIа-хIа!... КIант, ши куьг ойбуш, гуотоссуш, «асса!» олий, хелхаволу. Чан ойбуш бохь бугIий, лаьттах гола а тухуш, воккха дадас ши хьажо пIелгаш хьала а хьажабой «бIов» – олуш, чекхдоккху хелхар. Деда, кIант мара а вуллуш, гIадвахана, велало.

– Де ма ека хьан, дадин кIант! Хьуна, воккхахилча, уггаре а хазаниг нускал далор ду-кх дадас!

Бабас мохь туху:

– ХIей, шуьшиъ жинашца тайна-м вац?! Аш хIун до? Нах кхардош, гIовгIа эккхийтина воллу шушиъ!

– Оха лелочух тхойшиъ бен кхетар вац, – бохуш, воьлура воккха стаг.

– Воккха-Дада, оха дехьара урамера, зуда йоцуш волчу ЦIоккина локхуш эшар ма ю.

– Вайъ, ю тов, дIалакхал муха ю хьовсий вай!

Цкъа а цIера ваьллий хьо?

ЦIийнан маьIиг йоьхний хьан?

Цкъа а зуда еддий хьан?

Зудчунна тIаьхьа веддий хьо?

Вехха вуьйлура воккха стаг, и хазлой. Вай, аш и лекхча, ЦIоккас хIун дира тIаккха? – воьлучура ца сацалора деда.

– Тхуна тIаьхьа-м ца ведира иза. Вела а воьлуш: «Цкъа со тIекхачийта аш!» – аьлла, пIелг ластийра-кх.

– Мегар дац, мегар дац, – воьлучура саца а соцуш, бохура дедас. И воккха ву шул а, воккханиг лара веза. Воккхачунна тамехь йоцу забарш ян а ца еза.  Стеган бакъйоцу цIе яккхар а ду къилахь.

Мегар дац! Кхийтин хьо?

– ХIаъ, кхийти.

– ХIинца, ламазан хан хуьлуш ю, со чувоьду, хьо паргIат хила. Урокаш йиний ахь?

– Йина.

– Дешарна ледарло ма елахь, дешна воцу стаг кхетар вац дуьненах, дешна хилча а кхета хала хIума ю хIара дуьне.

Шен суьйре еш Iаш, бабас олу цIийнадега:

– Вай, и кIант жиманиг ву бохуш, дукха хIума магийна, качвина моьттуш ю со.

– И моьттуш-м со а ву. И дукха цIуьзий-те бохуш, воккха хуьлу-уш Iемар вац-те бохуш Iа-кх.

– Воккас, гIеххьа цхьа тIара а тухуш, човхийра и, со юкъа а ца гIерташ IадIийра, жимма кхетар вацар-те аьлла.

– ХIа-хIа, армера цIавеанчун собар ца тоьи?! Ас, дукха чуьрадовлий, ма чехаве ца аьлла шуьга?!

– Оцу шен йишица, тIассаш къуьйсуш гIад-амал дайина-кх цо.

– Iумара хIун бохура тIаккха?

– Воккас, цуьнан цIийзар, велхар кIорда а дина, тIара а тоьхна: «Цкъа а стаг хир вац хьох! Суна хьо кхин воьлхуш ма хазийталахь! ХIара хIун ду суна, йоIаца тIассаш къуьйсуш, вай-вий, вай-вий. Сан доттагIчун жимахволу ваша, и цIа вогIуш дуьхьал а волий: «Мохьмад, со тахана велха а ца вилхира хьуна» – бохуш Iа, ткъа хьо хIун лелош ю, пис хьо ма-ярра йолу!» – элир-кх.

Жимма ойлаеш Iийна, воккхачу стага чукхойкхуьйту Беши.

– Схьавоьл цкъа Воккха Дадина юххе чIепIалгаш даа. Доттал тхойшинна шура тоьхна чай. Дийцал, Беши, тахана стенах левзира шу?

Оллавелла, эхь хеташ, кхоьлина вара кIант, дагахь цхьаъ долуш, цхьаъ ала лууш санна, корта хьала а ца ойбуш, жоп делира:

– ТӀамех ловзуш дар-кха.

– Дара… тӀамех ловзуш! – элира бабас, массо котам, эса а къахкийна, сан бешара хаьснаш хьоьшуш, харцхьалелаш дар-кх! Суна шу кхин бешахь ловзуш гахьар-кх!

– Собардел, собардел цкъа! – элира дедас, кӀанте а хьожуш; дехьа агӀор, сехьа агӀор а болчеран цӀераш хӀун яра шун?

– «ГӀазкхий» а, тхо «боевикаш» а дар-кх.

– Дара? Тола муьлхарш туьйлира?

– Тхо туьйлира-кх. Уьш къарцалор-кх, шаьш тоьлла бохуш.

Воккха стаг цхьа гӀайгӀане велакъежира.

– Хьажахьа, хӀокху тӀаьххьара хиллачу тӀемаша бераша тоьхку цӀераш а хийцина-кх. Тхо кегий долуш, красныйнаш, белыйнаш олий, декъалора. Тхол тӀаьхьа долу чкъор, фашисташ, советскийнаш хуьлура. Сибрехара цӀадирзинчул тӀаьхьа индейцаш, бледнолицыйнаш олура. Маржа тӀемаш яӀ-кх, ма вайна ца оьшуш коча баьхкина баланаш бу-кха шу!

– Воккха Дада, – элира Бешис, цӀаьххьана вистхилла, деден ойланаш а йохош, – со кхин цкъа а воьлхур вац!

– Меллаша елаелира Хеда.

– Вий, бабина виса хьо, хIинца оха ма садоIар ду… – къежира баба.

– Аш собардел цкъа! И муха элира ахь?

– Со кхин цкъа а воьлхур вац боху-кх, Воккха Дада. Къонах воьлхуш ма ца хуьлу.

– ХIай-хIай, сан Беши-м, хьаха ю, хирйолуш хIума! Барзах схьадаьлла кIеза ду иза! – элира дедас, кIантана белшах куьг тухуш, воккхаверца. Ма велхалахь, къонах, мел боккха буохам тIебарах, велха а ца веза, мел доккха дика тIе-дарах, ирхлоьлхуш цIогIаневоьлуш хила а ца веза. Вайн дайша олуш хилла: «Къонах дика а, вон а цхьатерра ловш хила веза». СагIа доьхуш, нехан рицкъанах хьоьгуш хила а ца веза нохчо. Вайн заманахь юкъ-кара ган-м го уьш, гIаддайна хир ду-кх церан, кхин вист ца хуьлуш, дIасецира воккха стаг, корта жимма охьа а таIош.

– Воккха Дада, ас тIассаш Хедина дIаделла, кхин дуккха а керланаш лахьор ду.

– Машшалла, хIинца кIант хуьлуш воллу-кх хIокхунах! – Беши мара а вуллуш, дуьйцура бабас: Цхьа хаза назма ю олуш, къемат-дийнахь, барт хоттуш, вашас, шен къинойн мохь айба ца ло-кх аьлла, гIо доьхур ду. Дас, нанас, вашас эр ду цуьнга: «Веза-м ма везара шена хьо, гIо дан а ма лаьара хьуна, хIара тхайн къинойн мохь ца айбалуш ду-кх тхо». Ткъа йишас, ойла а ца еш, вешин къинойн мохь, шечуьнца белшаш тIе буьллур бу. Таккха, Жабраил малик Далла тIехьодур ду, дехарца, иштта-иштта жоьжахате боьдучу новкъа даьлла йиша а, ваша а, уьш цига ма бахийтахьара аьлла. Дала, тIаккха, шена дукхадезаш долчу Жабраил маликан дехар кхочуш а деш, уьш ший а ялсамане дохуьйту. Къемат-дийнахь вешина орцах ер ерг йиша бен яц. И оллушехь, баба бIаьрхиш дIадаха хIоьттира. Воккха Дада а, кепа тоьхча санна, вист а ца хуьлуш Iара…

– Вай халла цхьана тIамах девллера, хIинца а цхьа хIума хила доллий-те, моьтту суна. Вайна чуетта йолаяр а лаа дац. Суьйренца чутохале цIенойн ларми чу довла цIахь хилалаш. Беши, даькхина дечиг дуй цу чохь?

– Ду.

– Хезий хьуна, йоккха стаг, бепиг, сискал-хIума а кийчча хилийта, тIом тIом бу, хиндерг Дела воцчунна ца хаьа.

– Воккха Дада, сийсара чутоьхначу ракеташа КулсумагIеран тхов аьттера. Тхо хьовса ма даханера. Ас а, Болата а «осколкаш» лехьийра цигахь.

– Хьайн гIуллакх доцчухула ма лелалахь, бабас сара беттар бу хьуна!

– Цигахь дуккха а нах бара гулбелла, – шениг дуьйцура Бешис.

– Вайн бежнаш цIадахказа а шолгIа кIира ду, – доккха са а доккхуш, дуьйцура воккхачу стага. Эвлайистехь «БТЭРаш» ю, бохура, лелаш. Сайн МIаловх вала воллий-те, моьтту суна со. ТIехьара ши гIогI дIа а хьуш, дайина бежнаш хуьлу, бохура, арахь Iоьхкуш.

– Кхин яа хIума йоцуш буьсийла уьш… – Iен а цаелла, сардам боьллира бабас.

– Воккха Дада, со уьш цIа дало ваха мегий? МIаловна тIе а хиъна вогIур ма вара со.

– Ас вуьйр ма вара хьо, оцу агIор вахча! Даьхни, вайна доьгIнехь, цIа догIур ду, вайна хIумма а ца хилчхьана, – сихха элира бабас.

– Бажа а баьржина лелаш бу, Iу воцуш. Уьш лардеш лелаш волу Бушта-

миска а, тоьпаш тоьхна, салташа хи чуккхоьссина карийна, – Дала гечдойла цунна.

– Бабин елхар иккхира: цхьана а хIумана гуьнахь стаг вацар-кх и. И хьанна новкъа хилла-те?!

– Хезий хьуна, йоккха стаг? Хьо хIокху доьзалца лула юьрта яха еза. Вайн юрт дозанехь ю. Нагахь эскар чугIортахь, берриге а гIурт ккузара дIаболалур бу. Со, лулахоша хIун до а хьожуш, тIаьхьа вогIур ву.

– Воккха Дада, ахь со хьайца вуьтур вуй?

– Ахь ккузахь дан хIума дац, бабагIеран дола дан а ма веза стаг.

Гуьйре кIаргьелла хан яра. Iаьржъелла, догIанах охьаIана кечъелла мархаш санна, сингаттаме тIебазбелла хаалора тIом а. Шен доьзалш муьлхачу агIор бига беза ца хууш, боьхна хьийзара нах. Цхьаберш – ДегIаста, вуьйш –ГIалгIайчу дехьабевллера, Европе дIаоьхурш а бара. Воккхачу стагана цIеравала ца лаьара. Карахь хIума а доцуш, нехан шуьнехула лелачул, цIахь валар а гIолехьа хетара цунна. И бохуш йолу йоккха стаг а, резайоццушехь лула юьрта дIахьажийра. Дела, хьо хIара гуш ву-кх, ахь динчунна реза ду-кх тхо, инналильлахIи, ва инналилайхIи ражиIун. Иштта, даьссачу цIа чохь шен суьлхьа а хьовзош, пеша юххе дIа а тевжина, гIийла ойланаш еш Iара воккха стаг.

ЦIаьххьана арахь «мIоъ» олуш санна хетта, айавелира воккха стаг. ТIаккха ша гомашца «маршалла» хоттуш олуш долу «мIоъ» элира ккхо, дуьхьал жоп лой хьожуш. Ден аз хезна:

– МIоъ, мIо-о-оъ, – аьлла, ехха Iаьхира гомаш.

ТIе хIума кхолла ккуьуш-ца ккуьуш, араоьккху воккха стаг:

– Э-э, дера я хьо могуш-маьрша дела-I, хьо мичара ели ас дог диллинчу хенахь? Хьажахьа, дисина бежнаш а далийна шеца.

– МIоъ…, – бохуш, хьекхалора гомаш.

– МIоъ, дера, дукха моIа моIаш-м. Схьайоьл цкъа, цхьажимма хьастийтал хьо, дада хьуна сахьийзаш ма вара, – бохуш, гIаж хьоьккхура воккхачу стага. Таккха бен тидам ца хилира цуьнан, гомашна тIехиъна, къажа а къежна Iаш волчу Бешин.

– Хьоъ…, хьо мичара вели?

– Со бабех лечкъина, машен тIера охьа а воьссина, хьоьца Iен схьавеъна-кх.

– Хьий, гаур-яI, гаур! – аьлла, цкъа Беши човхо дагахь вола а велла, юха логе шад хIоьттина, кIентан кIант мара а воьллина, вист ца хилалуш висира.

Шолгlачу Iуьйранна эскар чугIоьртира. Чуетта йолийначу яккхийчу тоьпийн лелхарш дара юьртан маьI-маьIIехь гуш, хезаш. Воккхачу стага, дехьо йоккхачу тоьпан хIоъиккхича, охьа а теIаш, халла йол тесира бежнашна. Йо АллахI! Шуна хIун де-те ас? – бохуш, ойла йора кхуо шен даьхнин. Божлахь дитича, цхьана хIоьо дайа тарло шу, арадаьхча, лазорна кхерам бу. Далла гуш ду-кх хьо...

– Во хьанех! – олий, мохь туху лулахочо воккхачу стаге, вай иштта Iийна девр дуй те… Вертолет ду дехьа тIехула хьийзаш, жIаьлеша дааргl, мохь бетташ. Вайна арадовла некъ битина боху шаьш шина сахьтана.

– ХIаъ, арадовла деза вай. ТIом беш воцчо дан хIума дац кхузахь. ТIамца чувеана салти мера кIел хьийзо кхераме ву.

Воло, Беши, хIара «бен» буьйхи вайн…, – элира воккхачу стага, гIайгIане вела а къежаш, бежнаш эвлайистехь дIасалохкуш, лула юьрта доьлху вай цкъачунна.

– Воккха Дада, ахь со гомаш тIехь воуьйтур вуй?

– Хьий, берзан кIеза, шек вуй и! ТIеетташ бомбанаш ца го хьуна!? Хьайн кара гIаж а эций, тIаьхьа хIотта. Юххе хIоъ божахь, сихха ор чу вижалахь.

Эвлайисте кхаьчча, шу тIехь севцира хIорш. Охьахевшина Iаш, герз карахь, тIемалой а бара юьртара а, юьртара боцурш а. Шена вевзачуьнга воккхачу стага элира:

– Шаьш дан дезарг шайна хуур ду шуна… Тхан хIусамехь мел дисина рицкъ хьанал ду шуна. Ларми чохь лато пеш, даькккхина дечиг, кхалла хIума а, садаIа меттиг бу, кхоаяй ма Iелаш, пурба дац шуна.

Воккха стаг юьртехьа хьоьжура. МаьI-маьIIехь лелхарш, йогуш меттигаш гора. Дехьо, стигал Iаьршашка хьала кхача гIерташ санна, хьийзаш, хьалаоьхуш кIарула Iаьржа кIур а бара. Генадоццуш бомбано дайина кегий, даккхий бежнаш Iохкура.

ДIанехьо ежаш Iаш йолчу шен МIаловх бIаьрг кхийтира воккхачу стеган. Гомашна, са а хьаьвзина, цо шегара «маршаллин» жоп лой хьажий ша аьлла:

– МIоъ, – элира дас.

– МIоъ, мIо-о-оъ аьлла, лаг дахдеш, корта хьала а айбина, и шен Iаьржа ши бIаьрг а къарзийна, воккхачу стаге хьаьжира гомаш. ХIокху хуьлучух ца кхеташ, цхьаъ хатта лууш йолуш санна, хеталора иза.

– Хьан мIоъ-коъ ца хаьа суна, МIалов, хьайна луъучу дIагIохьа, маьрша ю-кха хьо. Суна а ца хаьа, со стенга воьду а, айса хIун лелор ду а.

– ВоккхаДада, со тӀемалошца бухависа мегий? – элира Бешис.

– ХӀан-хӀа, кӀант, вайшимма биначух тӀом хир бац. «Хьо тоьлур воцу тӀом ма бе», – аьлла вайн дайша. Цкъачунна дӀа ца вахча вер вац вайша. Иза а олуш, кӀента кӀентан куьга лоцуш, юьртана букъ а тухуш, дӀаволавелира деда.

– Воккха Дада, вай юха цӀа догӀур дуй?

– ДогӀур ду-кх, Делора, даланза дисахь-м…

– Вайн цӀенош даьгна хилахь хӀун дийр ду вай?

– Кертахь тоьла а яькккхина, вайн махкахь дехар ду-кх…

– Цхьаберш-м, шайн сал-пал эцна, гена махка дӀаккхелхаш ма бу.

– Вай кхелхар дац! – мел боккха тӀом баларх а. Валид Дагаевс олуш илли хезний хьуна:

Тхан дайша тхоьга элира,

Даймахкахь доцург рицкъ ма дац,

Даймахкахь доцург рицкъ ма д-а-ац.

ТIаьххьара дош дахдеш элира воккхачу стага, гIаддайна. Шен махкал мерза хIума дац дуьненахь. Тхо, дIа а кхалхийна, хьегийна Даймахках…